


**ICEGERANYO C'UMUGAMBI WA RETA Y'UBURUNDI WO GUKORA NO
GUTANGA INTEBE 336 000 : *INTAMBWE UGEZEKO,INTAMBAMYI***

**UMUSEKE - UMUGAMBI USANGIWE N'UMUHARI ITEKA NA KING UMURUNDI FREEDOM
MUKAKARO 2026**



UMUSEKE,Umuseke ni umugambi w'amashirahamwe aharanira agateka ka zina muntu " **ITEKA** na **Kingi Umurundi Freedom** "ataka abanyagihugu n'amakungu kw'ihonyangwa ry'agateka ka zina muntu n'inyuruzwa ry'ubutunzi vyatohojwe kugira bamere magabo bongere bahe agaciro ubutungane hamwe n'iterabere kuri bose mu Burundi.Igisata c'ubutungane,umutekano,amagara y'abantu, uburimyi n'ubworozi,ubudandaji n'amahinguriro,hamwe n'igisata c'ubutare ni vyo uwo mugambi washize imbere.Ibiganiro ku masamirizi no ku mboneshakure,ubutumwa bwo kugabisha hamwe n'ivyegeranyo nyamukuru,ayo mashirahamwe azobikorera hamwe muri uwo mugambi.



URUTONDE RWIBIRIMWO

I. INCAMAKE Y'IGIKORWA.....	8
II. IBISABWA.....	10
III. INTUMBERO Y'ICEGERANYO.....	13
IV. UBUHINGA BWAKORESHEJWE.....	13
V. UMWIHWEZO W'UMUGAMBI HAMWE N'ISHIRWA MUNGIRO.....	14
V.1. UMWIHWEZO W'UBURYO BIJANYE.....	14
V.2. UMWIHWEZO W'IVYO AMAKOMINE AKENEYE HAMWE 'UBURYO BIJANYE.....	15
V.3. UGUHAKWA KUNYURUZA IBITI HAMWE N'INKURIKIZI KU BIDUKIKIJE.....	15
V.4. UMWIHWEZO W'UBUHINGA BW'UGUSHIRA MUNGIRO UMUGAMBI.....	16
V.5.UGUHINDAGURA BIKOMEYE IBICIRO VYO GUKORA N'UKUNGURUZA INTEBE	17
V.6. UKUGABANGANA INTEBE HAMWE N'IBITIGIRI NYAVYO BIKENEWE MU MASHURE.....	18
V.7. UMWIHWEZO W'INTERERANO Y'ABAFASHA UMUGAMBI W'UGUKORA HAMWE N'UGUTANGA INTEBE.....	19
V.8. UGUTANGA INTEBE : HAGATI Y'UKUTAZIKWIZA BIGUMAHO, INTAMBAMYI Z'INTWARO HAMWE N'UGUKENERA GUKORERA KU MUGARAGARO.	20
V.9. IBIMENYETSO VY'IBITAGENZE NEZA VYATUMYE HABA AMAKENGU KO HAGIYEMWO IBITURIRE.....	21
VI. UGUSOZERA.....	24

UMWIHWEZO W'UMUGAMBI « ABANA BOSE BICARE NEZA » KUBWA MANUMA ANTOINE MW'ISHIRAHAMWE RY'ABIGISHA MU BURUNDI.



Buca hatangura umwaka w'ishure 2025-2026, Reta y'u Burundi yari yategekanije uburyo mu mugambi wayo « **Abana bose bicare neza** » ufise intumbero ko atamwana n'umwe yo kwiga mu buryo butabereye, mu guha amashure igitigiri c'intebe zikwiye kugira bashike kw'ihangiro ry'abanyeshure 2 ku ntebe.

Ishirwa mungiro ry'uwo mugambi ryaratevye cane. Inganda zikora intebe ubu zirakora mu makomine menshi kandi intebe za mbere zirarindiriwe mu mwaka w'ishure 2026-2027.

Mu mashure shingiro menshi, abanyeshure bamaze igihe kinini bakwirikirana ivyigwa

mu buryo buteye agahinda: Bicaye ku matafari canke hasi, bahagaze mu mwanya w'ivyigwa, canke bicaranyeko ari 4 canke 5 ku ntebe yagenewe abanyeshure 2. Ubwo buryo bigamwo ntibworohereza ugukwirikirana neza, ukwimura ivyigwa kandi biragabanya cane akanovera k'inyigisho.

Uburyo bungana na miriyaridi 18 z'amafaranga y'amarundi, afatiye ku giciro kigereranye c'amahera 50 000 fbu ku ntebe imwe, buzotuma hakorwa hafi intebe **360 000**. Ako kigoro naho biri uko kaguma kadakwiye. Ivyo bari bakoreye ubwa mbere hari hakenewe intebe zababa 600 000. Kubw'ukwiyongera kubandanya kw'ibitigiri mu mashure, ibitigiri nyakuri bikenewe gushika ubu biracari vyinshi cane. Bigatuma biba nkenerwa gusubiramwo integuro y'amahera yagenewe uyo mugambi.

Ikorwa ry'intebe ntiriyokwira ryonyene. Mu mashure menshi, ibirasi vyakira abanyeshure bari hagati ya **100 na 150**, mu gihe ibirasi vy'amashure bidafise ubushobozi bwo gukwirwamwo intebe zikenewe kugira bubahirize itegeko ty'abanyeshure 2 ku ntebe. Kugira umugambi ushike ku ntumbero yawo bisaba kandi ukwubaka ibindi birasi kugira ngo mu kirasi kimwe kijemwi hafi **abanyeshure 50** kukirasi, bigafasha gutyo, ugukurikirana ivyigwa mu buryo bubereye. Ku rundi ruhande, ishirwa mu ngiro ry'uwo mugambi ntirikorwa kumwe ku makomine.

Ako kigoro ntigakwiye. Ivyari vyaharuwe imbere y'aho vyerekana ko hakenewe hafi intebe **600 000**. Hafatiye kw'igwirirana ribandanya ry'abana w'ishure, izikenewe vy'ukuri ubu ni nyinshi cane. Bigatuma hakenerwa cane gusubiramwo uburyo bwagenewe umugambi.

Ugukora intebe vyonyene ntibizoba bikwiye. Ku mashure menshi, ibirasi vyakira hagati y'abanyeshure **100 n'150**, mu gihe ibirasi bitagira ubushobozi bwo kujamwo intebe zikenewe kugira hubahirizwe urugezo rw'abana 2 ku ntebe imwe. Kugira umugambi urame birasaba ko hanubakwa ibirasi bishasha kugira bagaruke ku bihuro vyababa abanyeshure **50 mu kirasi**, gutyo bigafasha mukwiga mu buryo bubereye gusumba.

Ku rundi ruhande, ugushira mungiro umugambi bigumamwo ubusumbasumbane kubwo amakomine. Mugihe amakomine amwe yatanguje kuzikora, ayandi ntaranatangura ibikorwa canke akora n'umuvuduko udakwiye. Reta yo nyene yaremeye ko amakomine amwe amwe

atakoresheje uburyo yarose bwose. Ivyo bisigurwa n'itunganya ryaho atari ryiza, ukutamenya neza ubuhinga mu ntwaro hamwe n'ukutagira urutonde ngenderwako mu nteguro zimwe zimwe z'iterambere rusangi ry'amakomine. Ibituma abarongozi benshi bakekeranya mu kurekura amahera.

Kuri izo ngorane hiyongerako ukubura ubumenyi kw'inzego. Abarongozi b'indero mu makomine ahanini bakurikiranwa n'abasitanteri. Ibituma hagabanuka ubushobozi bw'ubushikiranganji bw'indero bwo gukwirikirana neza umugambi hamwe no kubaza insiguro mugihe vyakozwe nabi.

Ugutunganya neza ubutunzi bwa Reta biguma birimwo amakenga menshi. Abaherutse gusesagura itunga ry'igihugu bigatuma habogozwa abasitanteri bamwe bamwe birerekana ko uwo mugambi utarengeye ukunyuruza uburyo canke ugushira uburyo bwawugenewe mu bindi. Kugira bigende neza rero bizovana n'ukurekura uburyo hamwe n'ugukorera ku mugaragaro, ugukwirikirana hamwe n'intwaro ibereye mu kiringo cose c'ishirwa mu ngiro ry'umugambi.

Ishirahamwe risaba ko hoshirwaho umugwi uhurikiyemwo bose muri buri komine urimwo abavyeyi hamwe n'abaserukira abigisha kugira hajemwo umuco mw'ikoresha ry'uburyo bwa Reta. Riranasaba ugusubiramwo amategeko ngenderwako kugirango ubushikiranganji butandukanye bugire ubushobozi buboneka ku bantu bajejwe gushira mungiro izo ntumbero za Reta.





Ku bw'uwurongoye ishirahamwe rirwanya ibiturire no gusesagura ubutunzi (OLUCOME) Gabriel Rufyiri, ikibazo c'intebe ntigishobora kwihweza conyene kitarikumwe n'intambanyi z'inzego ziri mu gisata c'indero mu Burundi. Ku bw'iwe, Reta yose ifise intumbero yo gushika kw'iterambere rirama itegerezwa gushira indero imbere,,ishingiye ku nteguro ikomeye,ihangiro rizomara ihe kinini,hamwe n'intwari ibereye. Kandi,igisata c'indero mu Burundi kiguma gihura n'ingorane

zitandukanye,nk'irwirirana ry'abantu,ubukene bw'inyubako z'ishure,ubukene bw'ibikoresho mfashanyigisho hamwe n'intege nke za Reta muri poritike.

Yaba izi ko umugambi « **Nta mwana n'umwe wo kwicarana nabi** » ari inyishu y' ingorane y' ukuri, Gabriel Rufyiri afata ko batariko batorana imvo nyamukuru y'ingorane. Mu maso yabo,ingorane nyamukuru iri mw'irwirirana cane ry'abantu,bituma haba irwirirana ry'abanyeshure mu mashure. Dufatiye muri rusangihafi abanyeshure 6 ku rugo,inyubako z'amashure birazigora kugira zishobore gutunganiriza abipfuzwa kwiga.Ata poritike irama yo kuvyara ku rugero hamwe no gufat mu ntoki ikibazo c'irwirirana ry'abantu,uburyo bwashizwe mu kugura intebe burashobora kudakwira.

Yibutsa kandi ko uguteza imbere uburyo bwo gukurikirana ivyigwa bitava gusa kukuba hari intebe. Afata ko kandi ugukomeza muri rusangi intumbero y'igisata c'indero, nko gutanga akazi ku bigisha ku gitigiri gikwiye, gushiraho ibikoresho mfashanyigisho bigezweho ndetse n'ukwubaka ibindi birasi bishasha mu ntumbero yo kugabanya ubwinshi bw 'abanyeshure no gutanga ivyankenerwa ibikikije ishure.

Ku vyerekeye uburyo,Gabriel Rufyiri ashimangira ko hakenewe ugutunganya mu muco kandi bikomeye ubutunzi bwa Reta. Kubwo iwe,ukugabangana amahera agenewe amakomine gutegerezwa gushingira ku biharuro bifadika,bihuye n'ivyankenerwa vy'ukuri vy'akarere kamwe kamwe. Yibutsa ko imigambi myinshi yo gufasha amakomine, muri kahise,yaranzwe n'ubusuma hamwe n'isesagura. Mu kurwanya ko ivyo bikorwa bitarivyo bigaruka, asaba ko hoshirwaho ubuhinga bukomeye bwo kugenzura,bwo gukurikirana hamwe n'ivyo bategerezwa birekurira ugukoresha mu muco uburyo bukomoka mu makori n'amategisi y'abanyagihugu.

Gabriel Rufyiri ashikiriza kandi amakenga ajanye no gukoresha ibiti vya komine mu gukora intebe. Ku bwo amakuru afise,ibiti vyobabaciwe hatubahirijwe amateguko yo gutunganya ibidukikije. Ibintu nkivyo bihakwa kwunyura uguhonye amashamba hamwe no gupfisah ubusa ingumvu zo kurwanya ihindagurika ry 'ibihe. Yibaza ko ubwo buryo butegerezwa guhebwa kugira haboneke umuti urama,mukwemera ko amakomine 42 y'Uburundi aronka ku rugero rungana intebe ,hatarabwe uburyo muturuka mu mashamba.

Hejuru y'ivyo bintu,Gabriel Rufyiri aranegura ubusamazi bwisubiriza mu gutunganya poritike y'igihugu c'Uburundi : guha ikibanza kidakwiye isuzuma ry'ubuhinga mu nteguro,mw'itunganywa hamwe no mw'ishirwa mu ngiro ry'imigambi ya Reta. Ku bw'iwe,ububwigoro bw'inshi butanguzwa atavyigwa vyimbitse ndetse n'umwihwezo w'ubuhinga bukwije,ibisigura ugutomboza vyibonekeza mw'ishirwa mu ngiro kandi bigabanya gushikira inyishu irama.

Ubwanyuma ashikiriza ukubura ubuhinga bw'inzego zishoboye gushira mu ngiro,ugukurikirana -ukwirimbura,ukwiga hamwe no gushira imbere uburambe. Habuze uburyo bufasha gupima ku mwanya ivyashitsweko,kumenya intambamyi bahuye nazo hamwe no gushiramwo abigisha bavuye mu ngingo zizofatirwako,amakosa amwearashobora kwisubiriza umugambi ku wundi.

Kuri we,poritike ya Reta ntishobora gushika kw'ihangiro rirama kiretse ishingiyeye ku ndinganizo rihagaze ku biharuro,umuhinga azwi,ugukurikirana buri igihe hamwe no kurimbura ku gihe umwimbu.

Mu gusozera, Gabriel Rufyiri afata ko umugambi « **Nta mwana n'umwe wo kwicara hasi** » ugize akigoro gakomeye kandi uzanye inyishu mu bibazo nyamukuru. Ariko,gushika kw'ihangiro bizovana'n'ugushobora guhinduka muri rusangi mu gista c'indero,bishingiye mu gufata mu minwe irwirirana ry'abantu,kwongereza inyumakoz'amashure,ugutunganya ku mugaragaro ubutunzi bwa Reta,gukingira neza ibidukikije ndetse n'intwari ishingiyeye ku buhinga,ugukurikirana hamwe no kurimbura poritike y'igihugu.



I. INCAMAKE Y'IVYAKOZWE

Ukugira ishure rikwiye ibisabwa kandi ribereye ni nkenerwa kugira hashikirwe uburenganzira bw'indero y'akanovera. Mu Burundi, naho hari utwigoro twakozwe kugira hatezwe imbere indero, amashure menshi aguma akenye intebe cane. Mu mashure menshi, abanyeshure basangira intebe intebe ari benshi uravye uko ingana, mugihe abandi bakwirikirana ivyigwa bicaye hasi canke ku mabuye. Ivyo bironona akanovera k'inyigisho, bigakora ku magara hamwe n'agateka k'abanakandi biratituma ivyari bihasanzwe vyononekara.

Kugira bakorere kuri iyi ngorane, Reta y'Ubutundi yaratanguje umugambi w'igihugu wo gukora intebe 336 000 zikorwa kubwo ibahasha ryamenyeshejwe rya miriyaridi 18 y'amahera y'amarundi, agenewe amashure ya Reta.

Turavye akamaro k'ubwo butunzi bwa Reta, umuhari uharanira agateka ka zina muntu mu Burundi "Iteka" na King Umurundi Freedom barakoze iki cegeranyo kugira basuzume intambwe yo kuwushira mu ngiro hamwe n'intambamyi nyamukuru z'umugambi. Intumbero ni uguterera mu gukomeza umuco, ibitegerezwa hanw'itunganywa ryiza ry'uburyo bwa Reta bwagenewe igisata c'indero. Umwihwezo w'umuhari uharanira agateka ka zina muntu "Iteka" na King Umurundi Freedom ushira ahabona ibintu vyinshi bikomeye:

1°. Uwo mugambi wishura ku kintu gikenewe kandi kizwi hose. Ukudakwiza intebe mu mashure iguma ari intambamyi ikomeye ku kanovera k'inyigisho mu mashure menshi. Ariko rero ukongereza igitigiri c'intebe zikorwa vyonyene ntibituma haba iterambere mu nyigisho. Ugutanga ibikoresho bifatiye ku bukenye bw'amashure ni nkenerwa.

2°. Ugushira mungiro uwo mugambi guserura intambamyi nyinshi z'ubuhinga. Ukubahiriza ibihe vyo kwicira ibiti, co kwuma, ku kibaza, guteranya hamwe n'ugutwara intebe ni ngirakamaro kugira hakorwe intebe nziza kandi ziramba. Ukubahiriza ubuhinga bw'ugukora intebe navyo nyene birakenewe kugira borohereze abanyeshure bongere baziganye ubutunzi bw'igihugu. Ugutunganya nabi izo ntambwe bishobora gutuma intebe zitaramba kandi bigatuma Reta itanga uburyo burenze.

3°. Amakuru yatororokanijwe mu kiringo c'ukwiga umugambi yerekana amakenga kuvyerekeye uko umugambi uzoshirwa mu ngiro. Abatanga amakuru bamenyesheje nk'uko ko amasoko yo kuzikora yoba yahawe abantu canke amashirahamwe b'uburambe mu buhinga bwo gukora intebe z'ishure butari bwibonekeza. Icegeranyo kirerekana ko ugucagura bifatiye ku bumenyi bw'ubuhinga, uburambe, ubushobozi bwo gukora hamwe n'umugaragaro bituma hakorwa vyiza kandi bibereye hamwe n'intwari ibereye.

4°. Umwihwezo ushira ku mugaragaro ubutandukane bw'ibiciro vyo kuzikora hamwe n'ukuzungurura bivugwa n'abatanga amakuru. Kubwo amakuru yatororokanijwe, intebe zimwe zimwe zoba zashizwe ku 150 000fbu, izindi ku 130 000fbu, mugihe abazikora benshi kandi b'abahinga bo mu gisata babajijwe mugihe c'itegurwa bagereranya ko igiciro co gukorerako intebe nk'iyi coba kiri muri rusangi hagati ya 70 000fbu na 80 000 fbu, atangorane zigiyemwo. Nimba ubwo busumbasumbane buterekana ibiciro vy'umurengera gusa, vyerekana ariko ko hakenewe umuntu yigenga akurikirana ivyo ubuhinga n'uburyo afatiye ku biciro, ukuntu batanze amasoko, amahera yo kuzungurura hamwe n'ikiringo c'igikorwa.

5°. Icegeranyo kirerekana ko umuco w'amakuru ya Reta ku bijanye n'ugushira mungiro umugambi uguma ufise aho ugarukira. Ukuguma bamenyekanisha uburyo bukoreshwa, amasezerano, ikiguzi kuri imwe imwe, igitigiri c'izakozwe, amashure yarose, ivyegeranyo vy'ivyakozwe hamwe n'ibivuye mu bugenduzi buraba ubuziranenge vyokomeza ivyo bategerezwa gukora kandi vyokworosha

I. INCAMAKE Y'IVYAKOZWE (Ibikorikira urupapuro 8)

ugukwirikirana kw'umunyagihugu hamwe n'uguteza imbere ikwirikirana ku nzego zibijewe n'abafasha muvuyo ubuhinga n'uburyo.

6°. Iki cegeranyo cerekana ko ari ngombwa gutohoza neza intererano y'abafasha muvuyo ubuhinga n'uburyo busahiriza igisata c'indero biciye mu nyubako y'ibirasi,ugutanga intebe,hamwe n'ibindi bikoresho vy'ishure.

Umuco urakenewe kugira gimenyekane ko izo ntererano zashizwe mu ntumbero y'igihugu y'intebe 336 000 canke zaharuwe ukwazo.

Biranakenewe ko hokwihwezwa itunganywa ry'uburyo bwahawe amakomine aronka izo ntererano kugira hashirweho ikoresha rindi kandi riri mu muco ry'uburyo bwa Reta hamwe n'intererano z'abasahiriza.

Itandukanya nk'iryo ni ntagereranywa kugira bakinge ko ibikorwa biharurirwa kabiri, gukwirikirana neza imfashanyo hamwe no kurimbura bibereye uburyo Reta yakoresheje n'ubwo abafasha mw'iterambere.

7°.Icegeranyo kirakebura ku nkwirikizi mbi zijanye no gushira mungiro umugambi.Ugukora intebe 336 000 bisaba gukoresha ibiti vyinshi cane,ibitera amakenga ku vyerekeye ukubungabunga amashamba.Hamwe uguha agaciro ibitara bishobora gusahiriza mu bikenerwa n'umugambi,ukutagira amakuru ya Reta yo gutera buri gihe ibiti vyiciwe canke ugusubiriza amashamba bishobora kugwiza umurindi kumashamba y'igihugu.

Iki cegeranyo gifata ko umugambi wose nk'uwo wojanye n'umukenyuro utomoye wo gutunganya birama amatungo,harimwo nko gutera ibiti,ugusubira kunagura ibitara vyakoreshejwe, ugukwirikirana neza ahakuwe ibiti hamwe no guteza imbere imigirwa yo kwubahiriza ibidukikije. Umwihwezo nk'uwo wotegerejwe guteza imbere uburyo bigamwo hamwe n'ivyo Uburundi bwiyejeje mu bijanye no gukingira ibidukikije hamwe n'iterambere rirama.

Twihweje ivyo,icegeranyo kirashiraho ibisabwa vyega ubushikiranganji bubijewe,abarongozi bo mu ntara n'amakomine,ubuyobozi bw'indero mu makomine,amashure,inzego zigenzura,abafasha muvuyo uburyo n'ubuhinga,amashirahamwe yigenga hamwe n'ibigo.Ivyo bisabwa bigamije nk'ugukomeza ugutunganya mu buryo,umuco mu gutanga amasoko,ukumenya ibiciro,ugusuzuma ko ari vyiza,ugukwirikirana,ugushira ahabona urugero rw'ivyakozwe hamwe n'ukuvyitaba kw'abanyagihugu.

Umuhari uharanira agateka ka zina muntu mu Burundi "Iteka" na King Umurundi Freedom bafata ko iki cegeranyo gisahiriza mu guteza imbere intwari ibereye mu butunzi bwa Reta mu gisata c'indero. Kuronsa umunyeshure wese intebe y'ishure ibereye bidasaba gushiramwo uburyo gusa ; ni ukwiyemeza uburenganzira ku ndero,intwari ibereye hamwe n'ugukoresha neza ubutunzi bw'igihugu.Ugukomeza umuco,ibitegerezwa gukorwa hamwe n'ishirwa mungiro ryiza ry'umugambi bizofasha gushika ku cizere c'abanyagihugu hamwe n'abafasha mw'iterambere, mu guteza imbere bikomeye ukuntu abana b'abarundi biga.



II. IBISABWA

Twihweje ivyabonetse, **umuhari Iteka na King Umurundi** basaba ibikurikira mu ntumbero yo kongereza ugukorera ku mugaragaro, ukurangura neza umugambi, akanovera k'ubuhinga hamwe n'ugukora ivyo bategerezwa mw'ishirwa mu ngiro ry' umugambi w'igihugu wo gukora intebe.

⇒ ***Kuri Reta y'u Burundi :***

1. Gushiraho ubuhinga bw'igihugu bwo gukwirikirana umugambi uhuriyeko n' ubushikiranganji vyega, indongozi zose hamwe n'abaserukira amashirahamwe yigengana.
2. Gushira ahabona ku mwanya ku mwanya, amakuru ajanye n'imfashanyo, ivyaranguwe hamwe n'ivyo umugambi washitseko.
3. Gukwirikirana ko ibijanye n'umugambi vyose bishingiye kw'isuzuma ry'igenga ry' ibikenewe n'amashure.

⇒ ***Mu bushikiranganji bw'indero hamwe n'ubushakashatsi :***

1. Gukora icapa c'ibikenewe n'ishure hakurikijwe igitigiri c'abanyeshure, igitigiri c' ibirasi hamwe n'abicarana ku ntebe.
2. Ugutanga intebe baravye aho zikenewe ataguhengama kugira bakinge ko amashure amwe amwe aronka nyinshi mugihe ayandi agumana ubukene bukabije.
3. Gushiraho amategeko ku rwego rw'igihugu ajanye n'uko intebe ingana, ubwiza hamwe n'ubukomezi bw'intebe.

⇒ ***Ku mushikiranganji w'ikigega ca Reta, uburyo n'ubuhinga bwa none :***

1. Gushira ahabona amahera yahawe intara yose hamwe n'ikomine yose.
2. Gushira ahabona ibiciro intebe imwe imwe ikorerwako hamwe n'ukuyunguruza umugambi wakoreyeke.
3. Gushiraho umuntu yigenga asuzume ikoreshwa ry'ubutunzi kugira akwirikirane ivyashitsweko n'uburyo bwakoreshejwe.

⇒ ***Ku mushikiranganji w'ibidukikije, w'uburimi hamwe n'ubworozi :***

1. Gukwirikirana ikoreshwa ry'ibiti vyagenewe umugambi hisunzwe amategeko y' itunganywa rirama ry'ubutunzi bw'amashamba.
2. Ugukomeza imigambi y'ugutera ibiti kugira basubirize ivyo biciye.

⇒ ***Kuri ba buramatari b'intara :***

1. Gukwirikirana ku kwezi ku kwezi aho umugambi ugeze.
2. Kugira amanama yo gutunganya hamwe n'abasitanteri b'amakomine hamwe n'abayobozi b'indero mu ma komine.
3. Gushira ahabona ivyegeranyo vy'intara ku vyaranguwe, ingorane zibonekeje hamwe n'ingingo zoguhubura ibitagenze neza.

⇒ ***Ku barongozi b'amakomine:***

1. Gutora neza abakora intebe hafatiwe ku bintu biboneka, intumbero kandi bishingiye ku bushobozi mu buhinga.
2. Kugwanya amatati yose ashingiye ku nyungu y'umwe umwe mu gutanga amasoko

II. IBISABWA (Ibikurikira urupapuro 10)

3. Gushira ku mugaragaro amahera barose, amasezerano yatanzwe hamwe n' ivyaranguwe.

4. Gusuzuma neza ubuziranenge bw'ivyakozwe.

⇒ ***Ku buyobozi bw'indero mu makomine:***

1. Gusuzuma ko intebe zakozwe zikwiye ibisabwa vy'ubuhinga imbere yo kuzishikirizwa .

2. Kwama bashira ku gihe ivyo amashure akenera .

3. Kuraba ko hatanzwe ibintu hakurikijwe ivyo abanyeshure bakenera.

4. Gutohoza ingorane ziriho bongera bazimenyesha abarongozi vyega.

⇒ ***Ku mashure :***

1. Kuguma bazi intebe zikenewe kw'ishure.

2. Guhimiriza abanyeshure bakingire ibikoresho vy'ishure.

3. Gushikiriza vyihuta akanenge kose mu gukora intebe canke icononekaye gikomeye cose.

⇒ ***Ku bafasha muvuyo ubuhinga n'uburyo :***

1. Gukomeza ubuhinga bwo gukorera ku mugaragaro ,gukwirikirana hamwe n' ukugenzura.

2. Gutera intege abigenga mu gukwirikirana ubuhinga hamwe n'isuzumwa ry' ubushobozi.

3. Gufasha Reta mu gushiraho amategeko ku rwego rw'igihugu y'intebe y'ishure ikwiye ibisabwa.

⇒ ***Ku mashirahamwe yigenga harimwo ayo abigisha :***

1. Kubandanya gukwirikirana nk'abakunda igihugu ishirwa mungiro ry'umugambi.

2. Guhimiriza abayagihugu ku ngingo z'ugutwara neza.

3. Kwama bashira ahabona imyihwezo yigenga mu buryo buja mu gisata c'indero.

⇒ ***Mu banyagihugu hamwe no mu migwi iserukira abavyeyi :***

1. Kwitaba ari benshi igikorwa co gukwirikirana itangwa ry'intebe .

2. Guteza imbere indero ya kivyeyi mu gukingira hamwe n'ukubungabunga intebe z' ishure.

3. Kumenyekanisha ubunenge bwibonekeza mw'ishirwa mu ngiro ry'umugambi.

4. Gutera intege itunganywa nyaryo ry'ibikoresho vya Reta mu mashure .

⇒ ***Ku nzego z'ubugenduzi: ubugenduzi bw'ubutunzi, ubugenduzi bukuru bwa Reta hamwe n'uburongozi buraba amasoko ya Reta :***

1. Gusuzuma ubuhinga ,ubutunzi hamwe n'ubushobozi bw'umugambi.

2. Gusuzuma ko ibiciro vyagenewe gukorera intebe arivyo hamwe n'ivyo kuzunguruza bafatiye ku biciro vy'isoko.

3. Kwihweza uburyo hatanzwe amasoko kugira bubahirize ukunganisha, uguhiganwa hamwe n'umugaragaro.

II. IBISABWA (Ibikurikira ku rupapuro 11)

4. Gushira ahabona ivyashitsweko mu bugenduzi bwabo hamwe n'ibisabwa vyashikirijwe.

⇒ ***Ku mugwi w'igihugu ujejwe indero wo mu nama nshingamateka hamwe n'umugwi ubijejwe mu nama nkenguzamateka :***

1. Assurer Ukuguma bakwirikirana ishirwa mu ngiro ry'umugambi mu kwumviriza ku mwanya ku mwanya ubushikiranganji hamwe n'inzego biraba kugira basuzume aho bigeze, ingorane bahuye nazo hamwe n'ivyashitsweko.
2. Kubwiriza Reta gushira ahabona ivyegeranyo vya buri musivyerakana uburyo bukoreshwa, amasoko yatanze, ibiciro vyo ku ntebe imwe, igitigiri c'intebe zakozwe zikongera zigatangwa, amakomine n'amashure yazirose hamwe n'intererano z'abafasha muvuye ubuhinga n'uburyo.
3. Gukora ubutumwa bw'abashingamateka bwo kugenzura ku rubuga kugira basuzume ubuziranenge bw'intebe, uko zatanze hakwirikijwe uko amashure azikeneye hamwe n'ivyaranguwe muvuye Reta yiyemeje.
4. Kuraba ko amategako y'ubutunzi ategakanya ubutunzi bukwije bwo kubungabunga, gusubiriza intebe z'ishure hamwe n'imigambi yo gutera ibitavyagenewe gusubiriza ivyakoreshejwe mu mashamba mu gukora intebe.



III. INTUMBERO Z'ICEGERANYO

1. Gusuzuma ishirwa mungiro ry'umugambi w'igihugu w'ugukora no gutanga intebe 336 000 ,mu kwihweza ubuhinga bw'integuro,bwo gukora,bwo gutanga amasoko,kuzitanga hamwe no kubihuza n'izo amashure akeneye.
2. Kwihweza intaro rusangi hamwe n'itunganywa ry'uburyo bw'umugambi,nko guhuza uburyo butangwa n'ubwategekanijwe ,ikiguzi co gukora intebe,ubuhinga bwo gutana amasoko,umugaragararwo mw'ikoreshwa ry'uburyo bwa Reta hamwe n'uguhakwa kunyuruza,aka mwana wa mama canke ugukoresha ayarenga.
3. Gusuzuma ivy'umugambi ku bijanye n'uko abanyeshure biga hamwe no gutunganya uutunzi bimwe birama, hisunzwe ubuziranenge bw'intebe z'ishure,inkurikizi ku ndero hamwe no mubijanye n'ukwicira ibiti mu mashamba hamwe n'ingingo zo gutera ibiti.
4. Kwereka ibisabwa abatware,inzego zisuzumaabafasha muvyo ubuhinga n'ubutunzi,amashengero yo ku butaka hamwe n'amashure,kugira hakomezwe gukorera ku mugaragararwo,kurangura ivyiyamirijwe ,ugutwara neza hamwe n'ugukora neza imigambi izokwirikira y'ubutunzi mu gisata c'indero.

IV. UMWIHWESO W'UBUHINGA BWAKORESHEJWE.

Iki cegeranyogihagaze ku mwihwezo w'ukuntu bapima amasoko babona ko yemewe. Amakuru yihwejwe yatororokanijwe mu ntumbero y'ibikorwa vya misi yose vyo gutohoza hamwe n'ugukwirikirana bikorwa n'umuhari uharanira agateka ka zina muntu mu Burundi Iteka na King Umurundi Freedom.

Umwihwezo wishimikiza nko ku makuru yatororokanijwe mubo vyega batandukanye,ivyabonetse mu burere butandukanye,ivyanditswe nvyerekeye intwari n'uburyo,amatangazo hamwe n'ivyashizwe ahabona n'abafasha muvyo ubuhinga n'uburyo.Mu gukingira umutekano w'abantu bafashije kuri iki gikorwa,umwidondoro w'amasoko,ubuhinga butomoye bwo gutororokanya amakuru hamwe n'ibintu bimwe bimwe bishobora gutuma bamenyekana ntivyavuzwe. Amakuru yatororokanijwe yaragenzuwe neza kugira ngo hamenyekane niba ari ukuri kandi yizewe. Iyo hari ivyo bavuga bidashobora kwemezwa n'ahantu henshi batandukanye canke n'amadosiye yizewe, vyerekanwa n'akamenyero gakenewe kandi ntibifatwa nk'ukuri gushimangirwa.

INTANGAMARARA

« Ikirasi ihinduka neza ahantu ho kwigira igihe umunyeshure wese ashobora kuhigira mu mw'iteka, umutekano hamwe n'ukunganishane. »

Mu Burundi, abana ibihumbi n'ibihumbagiza babandanya biga ku mashure agikenye intebe.Mu mashure menshi,abanyeshure 3,4 mbere na 5 barasangira intebe yakorewe abantu 2 canke 3,mugihe abandi bakwirikirana ivyigwa bicaye hasi canke ku mabuye.Hejuru y'uko kutamererwa neza bitera,ivyo biratumaabanyeshure batiga neza,bironona akanovera k'inyigisho kandi birahungabanya agateka shingiro ku ndero nziza.

Imaze kubona iyo ngorane,Reta y'Uburundi yaratanguje umugambi w'igihugu wo ku bikosora ugamiye gukora intebe 336 000,ushigikiwe n'ibahasha riharurwa mu miriyaridi 1 8 fbu.

Ako kigoro ni ako uburyo bwa Reta bukomaye kandi hitezwe inkurikizi mw'iterambere ry'uburyo abana bigamwo mu mashure ya Reta.Naho biri uko,ishusho y'ubutunzi bwa Reta ntiyopimirwa ku buryo bukoreshwa bwonyene canke ku gitigiri c'ibikoreshe vyamenyekanishijwe.Buranaharurirwa kandi ku ntwaro ibereye,umugaragararwo ,ugutunganya neza,ukugabura neza ubutunzi hamwe n'ubushobozi bw'indongozi mu gushikiriza uko bakoresheje uburyo bahawe.Mu ntumbero irangwa

INTANGAMARARA (Ibikurikira urupapuro 13)

n'ugukoresha uburyo atari bwinshi hamwe n'ibikenewe vyinshi cane mu gisata c'indero,ihera ryose rikoreshejwe ribwirizwa kuzana ingaruka nziza ,zirama kandi kuri bose.

Iki cegeranyo,categuwe n'umuhari uharanira agateka ka zina muntu mu Burundi Iteka hamwe na King Umurundi Freedom, gishikiriza umwihwezo wigenga w'ishira mungiro ry'umugambi.Kirihweza intambamyi nyamukuru zijanye n'integuro,ikorwa,itangwa ry'amasoko,itunganywa ry'uburyo,itangwa ry'intebe hamwe n'intererano y'abafasha mw' iterambere hamwe n'ivyo ibidukikije bijanye n'ugukoresha ibiti vy'amashamba.

Intumbero y'uyimwihweso si ukunegura umugambi,uza nk'inyishu ku ngorane ihari,ariko uranafasha mu guteza imbere umugambi mukwerekana ibikorwa vyiza,ubunenge bwabonetse hamwe n'ingingo zishobora gukomeza umuco,ibitegerezwa gukorwa,hamwe n'ugukora neza kwa Reta.Mu gushira imbere ibiganiro bifatiye ku bikorwa n'imyihwezo ifise ihangiro,ico cegeranyo kirunganira mu ntwaro ibereye n' ubutunzi bwayo hamwe n'ugushira mungiro nyezina uburenganzira bw'umwana wese mu Burundi bwo kwiga kw'ishure ribereye,ryizewe kandi rituma aronka ubumenyi.

V. UMWIHWEZO W'UMUGAMBI HAMWE N'ISHIRWA MUNGIRO RYAWO

⇒ V.1. UMWIHWEZO W'AMAHERA YAWUTANGIWE

Reta y'u Burundi yategekanije ibahasha rya miriyaridi 18 z'amahera y'amarundi ku mugambi w'igihugu wo gukora intebe.Kubwo inkuru zizewe,ubwo buryo bugamije gukora intebe 336 000,mu ntumbero yo guteza imbere uburyo abanyeshure bigamwo hamwe no kugabanya ubukene bw'intebe z'ishure bwibonekeza mu mashure ya Reta. Akamaro ko gushiramwo ayo mahera vyerekana ugushaka kwa poritike yo kwishura ku ntambamyi z'inzezo zo mu gisata c'indero. Mu gushira uburyo uburyo kanaka muri uwo mugambi,abarongozi barazi ko kuronka intebe z'ishure zibereye ari ikintu nkenerwa kugira ivyigwa bigende neza kandi bateze imbere akanovera k'inyigisho.Ariko rero,umwihwezo w'uburyo ntushobora kugarukira ku gitigiri cose c'ayateguwe.Utegerezwa kandi gushima canke ukagaya ko vyahuriranye urabiye kuyateguwe,ivyaharuwe bikenewe,ukuntu ingurane zitangwa hamwe n'ubuhinga bwo gukwirikirana ikoresheya ryayo.

Amakuru ahari avuga ko uburyo bwatanze hakwirikijwe umwihwezo udakumira,ubuyobozi bw'indero muri komine butegerezwa kuronka ibahasha ry'amahera angana na 100 000 000fbu,agabuye mu bice bingana hagati y'abakora intebe (50 000 000fbu)n'ibikorwa vyo kwicira, ukwikorera n'ukubaza(50 000 000fbu).Ubwo buhinga bworohereza gushira mu ngiro umugambi, ariko harakenewe ubuhinga bukomaye bwo kuwukwirikirana,kuwusuzuma no kugabanya uburyo.Ukurikanura bikomeye n'aho biri uko bibwirizwa gukorwa kuri 50 000 000 fbu yagenewe kwicira,kwikorera hamwe no kubaza.Bitandukanye no ku yatwanzwe mu gukora intebe,ibivamwo bishobora kuboneka biciye ku gitigiri c'izakozwe hamwe n'ubwiza bw'intabezakozwe,uburyo butangwa ntibuhahuritse mu gusuzuma hamwe no gukirikirana.

Hatabaye ukwerekana ibiciro biramvuye,gukorera ku biguzi vyashinzwe,insiguro zisanzwe kandi ziryohoye,biragoye kumenya ko amahera yashizwemwo angana n'ikiguzi nyezina cemejwe.

Icegeranyo gifata ko kuva aho ko hakenewe cane gukorera ku mugaragaro ku bijanya no gukoresha iryo bahasha.Vyoba vyiza abarongozi babijewe batomoye kuri buri buyobozi bw'indero muri komine,uko ibiti vyakoreshejwe bingana,urugendo ruhari,igiciro co kwicira igiti kimwe,ugupakira,ukubisomba,ukubibaza n'ugutegura imbaho,hamwe n'icafatiweko mu gutanga amahera.Kuvyerekana gutyo vyofasha gukomeza kubona aho uburyo bwa Reta buja,kugabanya ukugerageza gukoresha ayarenze canke ayatangwa adasiguwe hamwe n'ukworosha igikorwa

V. UMWIHWEZO W'UMUGAMBI HAMWE N'ISHIRWA MUNGIRO RYAWO (Ibikurikira urupapuro 14)

c'inzeho zigenzura hamwe n'ugukwirikirana nk'uwukunda igihugu.

Vyongeye,turavye akamaro k'iryo bahasha ry'ubutunzi,vyari kuba vyiza ayo mahera atangwa akwirikiranywe bikomeye mu buhinga n'uburyo,kugira bashobore gukoreshwa bibereye uburyo bwa Reta vyongere bifashe kw'ihera ryose risohotse rirangura intumbero z'umugambi.

Ku rundi ruhande,intebe ntibazikeneye kumwe ku mashure yose yo ku butaka bw'igihugu.Intara zimwe zimwe n'amakomine amwe amwe zirakenye gusumba izindi bivanye n'igitigiri c' abanyeshure zifise,bivanye n'uko inyubakwa zimeze hamwe n'igwirirana ry'ibitigiri.Muri iyo ntumbero,ugutanga uburyo bifatiye ku mwihwezo uri ku gihe w'ibikenewe vyofasha guteza imbere ukunganisha hamwe no gukoresha neza ubutunzi bw'igihugu.

Umwihwezo uranashira ku mugaragaro **gukenera gukomeza umuco mu butunzi**. Kumusi wo gutegura icegeranyo,amakuru yagiye ahabona ajanye no gutanga amahera nyezina,ibiciro vy'intebe imwe imwe,amahera yahawe intara hamwe n'urugezo rw'ayamaze gukora aguma ari make.Ukuguma bashira ahabona ivyo bifatirwako vyokoroshya ugukwirikirana k'umunyagihugu, vyokomeza kubona ivyo biyemeje gushikako ku nzego kandi vyotuma abafasha muvyo ubuhinga n'ubutunzi babona neza ico bashitseko.

Mu gusozerwa,**uburyo bwagenewe umugambi iterambere ku buhinga** mu gisata c' indero.Inkurikizi zawo zizovana n'aho biri uko n'itunganywa ryiza,umuco mw'ikoreshwa ry' uburyo hamwe n'ubushobozi bw'inzeho mu kwerekana ko amahera yabigiyemwo azotanga umwimbu uboneka kandi uharuritse ku nyungu z'abanyeshure.

⇒ V.2. UMWIHWEZO W'IBIKENEWE MU MAKOMINE HAMWE N'ITANGWA RY' UBURYO

Umwihwezo ugereranya intebe zikenewe hamwe n'uburyo bwazigenewe ushira ahabona ubudasa bunini cane hagati y'amakomine.Ibiharuro vyerekana ko amakomine amwe amwe abura intebe zirenga 13 000,mugihe ibindi,nka komine ya Cankuzo,akeneye hafi intebe 2 000 gusa.Naho hari ubwo budasa bunini,ubuhinga bwo gutanga uburyo bukoreshwa hategekanywa ibahasha ringana n'ayandi rya 100 000 000 fbu kuri buri buyobozi bw'indero mw'ikomine, harimwo 50 000 000fbu yagenewe gukora intebe hamwe na 50 000 000fbu yo kwicira no gutegura imbaho.Ubwo buhinga bufise akarusho ko kworoshya itunganya mu ntwaro hamwe no gukwira igihugu.Ariko rero,hari ibibazo kuvyerekeye uguhurirana n'ivyo amakomine akeneye neza na neza.Mu bisanzwe,ikomine ikeneye intebe zirenga 13 000 itegerezwa kugira uruhagarara rukomeye cane gusumba ikomine ikeneye intebe 2000,mugihe izo zibiri zifise uburyo bungana.Ivyo birashobora kuzana ubudasa mu bushobozi bw'amakomine bwo gukora bibereye bivanye n'ivyo amashure akeneye.

Hihweje ingingo z'ukunganisha hamwe n'ugukoresha neza ivyo igihugu,ugutanga uburyo bishingiye ku buhinga budahengamye nk'igitigiri c'abanyeshure,intebe zibura,igitigiri c' amashure ya Reta hamwe n'ibikenewe nyezina vyarimbuwe,vyofasha guteza imbere itangwa ry'uburyo hamwe n'ugutumbereza inkurikizi z'umugambi.

Umuhari uharanira agateka ka zina muntu mu Burundi "Iteka" hamwe na King Umurundi Freedom bafata ko **ugusubiramwo ibifadikwako mu gutanga uburyo,bifatiye kuvyo amakomine akeneyene**, yofashije mw'ikoreshwa ryiza ry'uburyo bw'igihugu bakagabanya ubusumbasumbane. Ubuhinga nk'ubwo bwonakomeza ugukorera ku mugaragaro,ukunganisha hamwe n'ugutumbereza umugambi,hisunzwe ingingo z'intwaro ibereye.

⇒ V.3.IBITI VY'AMASHAMBA BISHOBORA KWIBWA HAMWE N'INGARUKA KU BIDUKIKIJE.

Umugambi w'igihugu wo gukora intebe uhagaze ku ruhande rumwe ku kwikora ku mashamba

V. UMWIHWEZO W'UMUGAMBI HAMWE N'ISHIRWA MU NGIRO (Ibikurikira urupapuro15)

yagenewe ibiti bikenewe gukora intebe z'ishure.Kubwo amakuru ahari,ibiti birenga 19 000 vyaratowe kugira bikore uwo mugambi.

Ariko rero,ahantu hanini hava ivyo biti bishobora kugira inkwirikizi ku ntwaro bigasaba kuhagabira.Hatagiyemwo ubuhinga bukaze bwo guca,ugusuzuma hamwe n'ugukwirikana kwigenga,birashoboka ko igitigiri nyezina c'ibiti bicibwa birenga ivyo barekuriwe.Ibintu nk'ivyo bishobora kuba akaryo ko kujaniranya bidasiguwe,gukoresha ibiti ku zindi ntumbero z'urudandazwa (nko guca amakara canke kugurisha imbaho)canke ukundi gukoresha ku bitajanye n'intumbero z'umugambi.

Hejuru y'ingorane z'ubutunzi,ukwonona ibidukikije bishobora kugira inkwirikizi zikomeye ku bidukikije,nk'uguhonya amashamba,irituka ry'ibinyabuzima,inkukura,gutakaza ibinyabuzima hamwe n'ukongerekana kw'ibiza ku banyagihugu kubera ihindagurika ry'ibihe.

Mu kugabanya izo ngorane,hakenewe :

- ♦Gushira ahabona urutonde rw'ibitara birekuwe kwicirwa hamwe n'igitigiri c'ibiti vyahawe intara canke ikomine yose ;
- ♦gushiraho ubuhinga bwo kwicira butuma bakwirikirana igiti kuva cicirwa gushika hakorwe intebe ;
- ♦kugira urunani rw'abaraba amashamba,inzego zigenzura hamwe n'amashirahamwe yigenga mu gukwirikirana ivyo bikorwa ;
- ♦kugenzura urutavanako kugirango basuzume isano hagati y'impusha zatanze, uburinganire bw'ahiciwe hamwe n'intebe zavuyemwo ;
- ♦Gukomeza imigambi yo gutera ibiti kugira basubirize ivyiciwe mu ntumbero y'umugambi.

Izo ngingo zofasha kugabanya ingorane zo gukoresha nabi amashamba mu gushira hamwe intumbero z'umugambi n'ingingo z'itunganya rirama ry'ibidukikije.

⇒V.4. UMWIHWEZO W'IBIJANYE N'UBUHINGA MWISHIRWA MU NGIRO RY'UMUGAMBI

Ugushika kw'ihangiro kw'umugambi w'igihugu wo gukora intebe ntibiva gusa ku mahera ahari, ariko kandi biva no kwibahiriza amategeko y'ubuhinga busabwa mu gukora intebe zo ku mashure. Umwihwezo wakoze ushira ahabona ingorane nyinshi zishobora gutuma hadakorwa intebe nziza,zikomeye hamwe n'irangurwa ryiza ry'umugambi.

A. Integuro idakwiye mu gukora intebe

Ugukora intebe nziza bisaba kwubahiriza intambuko nkenyerwa z'ubuhinga. Ibi birimwo nko gutora ibiti vyo kuzikoramwo bibereye,guca ibiti mu kiringo casabwe,kubaza,kwanikira imbaho umwanya ukwiye,kurinda ibiti ukubungwa hamwe no gusisira,ndetse no kuziteranya no guheraheza.

Amakuru yihwejwe bisaba ko ikiringo catanzwe co gukora uwo mugambi gishobora kuba kitajanye n'amategeko y'ubuhinga busabwa mu nteguro hamwe no kwumisha ibiti.

Ugukoresha ibiti bitumye neza bituma haba ukugondama,gusaduka,ukuvunika hamwe n'ukutaramba kw'intebe.

B. Ingorane zijanye no kwiunguruza

Ukwiunguruza bigize intambwe ikomeye mu ruhererekane rwo gukora.Intebe kenshi zijanwa kure,bigafata urugendo rururure,rimwe na rimwe zijanwa ku mashure ari mu mazonero agoye

V. UMWIHWEZO W'UMUGAMBI HAMWE N'ISHIRA MUNGIRO RYAWO (Ibikurikira urupapuro16)

gushikamwo.

Igihe imbaho zitumye neza canke mu gihe uburyo zikozwemwo butabereye,uguhakwa kwononekara biriyongera cane.Ugusaduka,ukugondama canke ugutandukana kw'imbaho birashobora kwibonekeza mbere imbere yo gutangura gukoresha intebe,bigatuma hiyongera ko amahera yo kuzisubiramwo cankee kuzisubiriza.

C. Ubushobozi bw'ubuhinga bw'abakora intebe

Ubwiza n'ubukomezi bw'intebe biva ku bushobozi n'ubuhinga bw'abantu bajewe guzikora hamwe no kubikurikirana.

Amakuru yatororokanijwe n'umuhari uharanira agateka ka zina mu ntu mu Burundi "Iteka" na King Umurundi Freedom baramenyeshako amabanga ajanye n'ishirwa mu ngiro ry'umugambi yahamwe abasitanteri b'amakomine,abarongoye amazone canke abantu bafitaniye imigenderanire n'indongozi zo muri Reta,atanuko baravye uburambe mu kazi mu gukora intebe z'ishure. Nimba vyakozwe uko,ibintu nkivyo bishobora gutuma hataba ukwubahiriza amategeko ajanye n'ubuhinga,ubwiza n'ubukomezi bw'intebe ndetse n'ugukoresha neza uburyo bwa Reta.

Mu mwitwarariko wo gukorera mu mucu hamwe no kunganya,vyari kuba vyiza indongozi zishize ahabona ivyo bafatiyeko mu gutora abaronka amasoko hamwe n'indongozi z'abazikora,ndetse n'ubuhinga busabwa.

D. Ugukurikirana ubuziranenge

Umwihwezo ushimangira kandi ku kamaro ko gushiraho igisata cigenga co gukurikirana ubwiza n'ubukomezi bw'intabe imbere y'uko zakirwa burundu n'amashure.

Ukwo gukurikirana gutegerezwa kuraba cane cane :

- * Ubuziranenge hamwe n'ukuntu ibiti vyumye;
- * Ugukomera,uguhagarara neza,ugukingirwa kw'intebe kugira harwanywe impanuka zose ku banyeshure
- * Ko intebe zijanye n'imyaka y'abanyeshure hamwe n'uburebure bw'abanyeshure (amashure yo kwimenyereza,shingiro,n'ay'inyuma y'ishure nshingiro), mu ntumbero yo kubaronsa intebe bicaramwo neza hamwe no kworoherezwa mu kwiga neza.
- * Ubuziranenge bw'intebe bateraniye hamwe no gukurikirana ukwo zikingiwe.

E. Inkurikizi zishoboka

Mu gihe ibisabwa mu vyerekeye ubuhinga bitubahirijwe neza,ingaruka mbi zirashobora kwibonekeza:

- * Ukutaramba kw'intebe ;
- * Amahera yo gukoresha hamwe no kuzisubiriza;
- * Ugusesagura ubutunzi b'igihugu ;
- * Uguta icizere ku banyagihugu hamwe n'abafasha mu vy'iterambere;
- * Kugumizaho uburyo butabereye bwo gukurikirana ivyigwa ku banyeshure.

⇒ V.5. IHINDAGURIKA RIKOMEYE KU BICIRO VYO GUKORA INTEBE NO KWIYUNGURUZA

Amakuru yatororokanijwe n'umuhari uharanira agateka ka zina muntu mu Burundi "Iteka" na King Umurundi Freedom ku ndorerezi ziri ku rubuga arerekana ubusumbasumbane bukomeye

mu biciro vy'intebe hagati y'amakomine. Ku bwo ayo makuru, abakora intebe bamwe boba bahaye intebe imwe igicro c'amafaranga angana 150 000 BIF, mu gihe abandi boba bayishize ku gicro c'amahera angana 130 000 BIF ku ntebe zisa, zikozwe kumwe. Ku rundi ruhande, ku bwo amasoko yaho, bamenyeshaki igicro c'intebe ikwije ibisabwa yoba iguwa hagati y'amahera 70000 na 80 000 BIF, tutaravye ivyankenerwa bijanye n'akarere.

Ubwo busumbasumbane bukomeye buteye amakenga ku vyerekeye ugukorera ku bintu bisa mu gushinga ibiciro, gukorera ku mugaragaro mu gutanga amasoko hamwe n'ikoresheza neza ry'ubutunzi bw'igihugu. Si bwo bwonyene, bwerekana ibiciro vy'umurenge, ariko vyerekana ko indongozi zibifitiye uburenganzira zategerezwa kubikurikira cane.

Abarorerezi kandi baramenyeshaje ibiciro co kwiyunguruza biri hejuru mu burere bumwe bumwe. Nimba ingorane zijanye n'ukuntu ahantu hameze, ukwo amabararabara yifashe canke amashure ari kure bishobora gusigura igice c'ubwo budasa, ukubura igicro bafatirako kizwi co kwiyunguruza bituma bigorana kuraba ico fatirwako kibereye.

Mu vyipfuzo vy'intwari ibereye, vyari ngombwa ko indongozi zibifitiye uburenganzira:

Gushira ahabona ibiciro ku ntebe imwe imwe yafatiweko mu gukora intebe;

Gushira ahabona ivyafatiwe ko mu gushinga ibiciro hamwe n'ingene batanze amasoko;

Gushira ahabona ibiciro vyo kwiyunguruza ku ntara ku ntara canke kw'ikomine kw'ikomine, hamwe n'insiguro z'ayo mahera;

⇒ Gushiraho abantu bigenga bakurikirana ubuhinga hamwe n'uburyo ko ibiciro vyakoreshejwe bihuye n'ibiciro vy'isoko hamwe n'ibikorwa vyakozwe neza. Ingendo nk'iyi yofasha mu gukomeza gukorera ku mugaragaro, gukinga ugusesagura kw'amaungu y'igihugu hamwe no kugabanya ukwizerwa kw'abanyagihugu ndetse n'abafasha mu vy'ubuhinga hamwe n'uburyo mu gukurikirana umugambi.

V.6. IGABANGANYA RY'INTEBE HAMWE N'UKO ZIHUYE N'INTEBE ZIKENEWE MU MASHURE

Amakuru twegeranije ku rubuga yerekana ko ingorane ziri mu mashure zitava gusa ku bukene rusangi bw'intebe, ariko kandi n'igabanganya kenshi itabereyereye ibikoreshe bihari.

Mu mashure amwe amwe, ibirasi vy'ishure bifise ibitigiri vyinshi birengeye ubushobozi vyaco. Bituma haba haba ukudatahurana, ugukurikirana ivyigwa mu buryo butabereye, ugusaza n'ingoga kw'ibikoreshe hamwe n'ingorane mu vyigwa ku bigisha mu gutegeza ivyigwa.

Ku rundi ruhande, ayandi mashure abandanya akena cane ibikoreshe vy'ishure, ibishira ahabona ibinyuruzwa mw'itangwa ry'ibikoreshe.

Ivyo bintu bishimangira ko kugira umugambi ukorwe neza ntiwategerezwa kurimburwa gusa ku bitigiri vyose vy'intebe zakozwe, ariko kandi kubushobozi bwogushobora kuronkera inyishu ivyankenerwa nyavyo vyo kw'ishure imwe imwe.

Mu ntumbero yo guteza imbere intumbero y'umugambi, umuhari uharanira agateka ka zina muntu mu Burundi "Iteka" na King Umurundi Freedom basaba ko igabanganya ry'intebe rifatira ku kw'irimbura rifise ihangiro kuri vyankenerwa kw'ishure imwe imwe, mugufatira nko:

- * Igitigiri c'abanyeshure banditswe kw'ishure;
- * Kugabura intebe ku banyeshure ;
- * Igitigiri c'ibirasi vy'amashure bikora;
- * Kuraba intebe zihasanze uko zimeze;
- * Gutegekanya uguhangana n'iduga ry'ibitigiri vy'abanyeshure.

V. UMWIHWEZO W'UMUGAMBI HAMWE N'ISHIRWA MU NGIRO RYAWO (Ibikurikira urupapuro 18)

Ibikorwa nk'ivyo vyotuma haba itangwa ry'ibikoresho ku rugero rumwe hamwe no kwemera ko umunyeshure umwe umwe akurikirana ivyigwa mu buryo buhuye n'amategeko yo gukurikirana neza inyigisho.

⇒ V.7.UMWIHWEZO W'INTERERANO Z'ABAFASHA MU MUGAMBI WO GUKORA NO GUTANGA INTEBE

Umwihwezo w'umugambi w'igihugu wo gukora no gutanga intebe ntushobora gutungana hadabonetse intererano z'abafasha mu vy'ubuhinga n'uburyo bo,haciye imyaka myinshi,bafasha igisata c'indero mu Burundi biciye mu nyubako z'ibirasi vy'amashure,mu gutanga intebe,ibikoresho vy'ishure ndetse n'ibindi vyankenerwa mu gisata c'indero.

Mu batanga ubufasha harimwo nk'ishirahamwe UNICEF, riseruka nk'umufasha mukuru w'ubuhinga mu migambi myinshi y'ibikoresho vy'amashure,ubufasha mpuzamakungu ku ndero (GPE), Ikigo c'abafaransa kijanye n'iterambere (AFD), Ubumwe bwa Buraya,ishirahamwe Indero ntishobora kurindira (ECW) ndetse n'abandi bafashanya bafashije mu rwubako,mu gusubiramwo hamwe n'ibikoresho vy'ishure.

Ubwo bufasha bwafashije,kubwo imigambi,ku nyubako z'ibirasi bishika ijana, mukubishiramwo intebe,imeza hamwe n'intebe z'inyegamo ku bigisha,ndetse no kwubaka ibigega vy'amazi hamwe n'isuku.

Nk'akarorero,imigambi Twige Neza na Komeza Wige vyafashije kwubaka ibirasi 497 hamwe no gukora ndetse no gutanga intebe zingana 15 893 mu ntara nyinshi z'igihugu.

Ivyo bikorwa vyavyuye rero amakenga menshi mu vyerekeye intwari ndetse no gukorera ku mugaragaro. Akarorero kavyerekana,intebe 331 956 gushika 336 000 zavuzwe mu mugambi wa Reta kumvikanye ko intebe zatanze n'abafasha mw'iterambere canke zari zerekeye gusa izatanze n'ikigega ca Reta? Ibirasi vyubatswe kandi bikuzuzwa ivyankenerwa kubera abafasha vyarakorewe ko mu kurimbura ivyankenerwa ku rwago rw'igihugu imbere yo kugabanganya ubutunzi bw'igihugu?

Vyongeye,amakomine yaronse intererano z'abafasha yabonye amahera yahawe ahinduka mu ntumbero yo kurwanya ubufasha incuro 2,mu gihe,amakomine afashwa buhoro yaronse uburyo bukwiye buva kuri Reta? Habuze ugukurikirana n'ukwo,uburere bumwe bumwe burahakwa kuronka imfashanyo nyinshi mu gihe izindi komine zibandanya zikenye cane intebe.

Icegeranyo kibona kandi ko ari nkenerwa gukurikirana ubutunzi bw'arungitswe mu makomine. Amahera baronse,icafatiweko mu kuzigabanganya,uburyo bwo kubikurikirana,ukwo hazatangwa amasoko ndetse n'ivyegeranyo vy'ivyakozwe vyategerezwa kubishira ku mugaragaro mu ntumbero yo gutumbero yo gutanga umuco hamwe n'ibitegerezwa gukorwa mw'ikoresha ry'uburyo.

- * Mu nyuma, n'ivy'akamaro ko ivyegeranyo bizwi bitandukanya neza:
- * Intebe zatanze na Reta ;
- * Izatanze n'abafasha mu buhinga no mu buryo ;
- * Izabonetse kubwo intererano z'amakomine canke ibigo ;
- * Ndetse n'ibirasi vy'amashure yubatswe hanyuma ashirwamwo ivyangombwa.

Ubudasa nk'ubu bufasha bufasha mu gusuzuma neza,inguvu nyazo z'umwe umwe,kurwanya uguharura kabiri ivyakozwe,gukomeza ugukoresha ku mugaragaro uburyo bwa Reta hamwe n'uguteza imbere umugambi wo gushiramwo imitahe mu gisata c'indero. Igikorwa nk'iki

V. UMWIHWEZO W'UMUGAMBI HAMWE N'ISHIRWA MUNGIRO RYAWO (Ibikurikira urupapuro19)

congerezwa gukorera ku mugaragaro ,kirwanya ihndagurika ry'ubufasha,coteza imbere umugambi uzoza hamwe no kwemera ko uburyo bwose bwegwera n'ubufasha mu gutorra umuti ikena ry'ibikoreho vy'ishure mu mashure y'Uburundi.

⇒ V.8.ITANGWA RY'INTEBE : HAGATI Y'UBUKENE BUDAHERA,INGORANE Z'INTWARO HAMWE N'IBISABWA GUKORERA KU MUGARAGARO

Naho hatangujwe umugambi w'igihugu ujejwe gukora intebe 336 000 , ubukene bw'intebe ku mashure buguma buteye umutima uhagaze. Ku bwo ibiharuro vyamenyeshejwe n'ubushikiranganji w'indero,ibice 34 % vy'abanyeshure b'abarundi ntibafise gushika ubu ikibanza ku ntebe,ibintu bibuza ishira mu ngiro ry'uburenganzu ku ndero y'akanovera.

Igisata c'indero mu Burundi ubu cakira imiriyoni myinshi y'abanyeshure bo mu nyigisho shigiro hamwe n'inyuma y'ishure shigiro. Nimba hafi y'ica gatatu hagati yabo ntibaronka intebe,ivyo vyerekana ko abanyeshure barenga umuriyoni bategerejwe gukurikirana ivyigwa mu buryo buteye agahinda.

Mu mashure menshi,abanyeshurebaricara mbere no hasi,ku mabuye,ku matafari canke ku biti,mu gihe abandi bategerejwe gusangira intebe imwe ari bane,batanu,mbere na batandatu,mu gihe iyo ntebe yakozwe ngo yicareko abanyeshure 2 canke 3. Ivyo bintu bikora no ku buryo bwo gukurikirana ivyigwa,ugukurikirana ivyigwa,amagara meza hamwe n'agateka k'abana.

Ku rundi ruhande,Reta yahaye ibahasha ry'imiriyoni 100 z'amafaranga y'amarundi ikomine imwe imwe agenewe gufasha gukora intebe. Ku makomine 42 ubu agize igihugu c'Uburundi,uwo mugambi utwara amahera yose hamwe y'amahera hababa imiriyaridi 4,2 y'amafaranga y'amarundi.

Ariko, igiciro cose c'umugambi cavuzwe ni imiriyaridi 18 BIFl. Hari ubusumbasumbane bukomeye hagati y'imiriyaridi 4,2 BIF bagabanganirije mu makomine hamwe n'amahera yose yavuzwe umugambi uzotwara.

Ubwo budasa ntibusigura gusa ko hari ukudahura kw'amahera,kubera igice kimwe c'amaheragishobora kuba kigenewe ibindi bigize umugambi,nko gukurikirana umugambi ku rwego rw'igihugu,kugura ivyankenerwa,ubufasha mu bw'ubuhinga,ibikorwa vy'ukubikurikirana canke ibindi bitwara amafaranga vyategeranyijwe na Reta.

Naho biri uko,mu ntumbero yo gukorera mu muco hamwe no kworoshya ugukurikirana abanyagihugu,vyoba nkenerwa ko indongozi zishira ahabona ikoresha risanzuye ry'amahera yose y'imiriyaridi 18 z'amafaranga y'amarundi,mu kumenyesha cane cane amahera neza amahera yarungitswe mu makomine,amahera akoreshwa ku rwego rw'igihugu ndetse naho aja.Umuco nk'uyo wo tuma abanyagihugu,inzego z'igenzura hamwe n'abafasha mw'iterambere gutahura neza indinganizo z'umugambi mu vyerekeye uburyo hamwe no gukurikirana bikwiye umugambi.

Ivyo bibazo birakomeye cane mu gihe co gutanga intebe ubu biteye amakenga menshi ashikirizwa n'indongozi z'amashure hamwe n'abandi baba mu karere. Muri aya matohoza,abayobozi benshi b'amashure bamenyesheje ko bataronse intebe mugihe amashure yabo ari mu mashure akenye intebe cane. Abandi bemeza ko ivyafatiwe ko mu gutanga intebe bitari biboneka neza canke ngo zitangwe kumwe kuri bese.

Intahe zatororajwe nazonyene ziragiriza ugukoresha akamwana wa mama, kandi hamwe hamwe,hasabwa ibivyo batagenewe mugutanga amahera mukubaha intebe. Kuri urwo rugero,ayo makuru yategerezwa gufatwa nk'ivyagiriji bisaba amatohoza yigenga mu ntumbero yo kumenya ukuri,kandi bibaye ngombwa hamenyekane abo vyagira.

V. UMWIHWEZO W'UMUGAMBI HAMWE N'ISHIRWA MUNGIRO RYAWO (Ibikurikira urupapuro 20)

Mu mugambi ufashijwe n'ikigega ca Reta kandi kigenewe kubahiriza uburenganzira ku ndero, umuco mw'itangwa n'ibintu nyamukuru. Ibifatirwako mu kwiragiza intebe vyategerezwa kuja ahabona ,intonde z'amashure aronka zikaja ahabona,igitigiri c'intebe zatanze kw'ishure imwe imwe kikamenyekana kimenywe na bese hamwe no gushiraho n'ubuhinga bwo kurenganurwa ku mashure yibazako yobayarakumiriwe canke yarenganijwe mw'itangwa ry'intebe.

⇒ Ugukurikirana ku mugaragaro, bifatiye ku ntebe zikenewe vy'ukuri ku mashure aho gukorera ku bintu bitarivyo, bifise iyindi ntumbero, kurakenewe cane kugirango ntihabemwo ukurenganywa, gukomeza umwizeromu banyagihugu hamwe no kwemera ko umwana wese aronka amahirwe amwe yo gukurikirana ivyigwa mu buryo bubereye.

V.9. IBIMENYETSO VYEREKANA IVYAKOZWE NABI VYATUMYE HABA AMAKENG A JANYE N'IGITURIRE

Ibintu vyinshi vyibonekeje mw'ishirwa mu ngiro ry'umugambi wo gukora intebe intebe 336000, vyarateye amakenga kuvyerekeye ugukorera ku mugaragaro mu gukurikirana umugambi.

Mu ntara ya Bujumbura, mu gihe c'inama yo muri Rusama 2026 n'indongozi z'amashure mu makomine ya Bukinanyana, Cibitoke na Mugina, umushikiranganji w'indero n'ubushakashatsi, Muganga François Havyarimana, yarivugiyeye wenyene amakenga yiwe ku vyerekeye ivyabonywe. Mu gufata ko uruganda rukora intebe zigenewe komine Cibitoke yari yashizwe i Murwi hafi y' ibirometero 25 ,kure y'umurwa mukuru wa komine vyerekeye, vyumvikane ko iryo torwa rishobora gusigura ugushaka kwigizayo ibikorwa amaso y'indongozi zijejwe kugenzura no gukurikirana ibikorwa vy'uruganda. Inyishu zidatomora neza zatanze ku bitigiri vy'intebe zimaze gukorwa, igiciro cazo nyakuri hamwe naho zigeze vyatumye hongerekana amakenga y'abari mu nama.

Ayo makenga ntasa nuko ari yonyene. Mu bumanuko bw'igihugu, buramatri w'intara ya Burunga préoccupations ne semblent pas être isolées. yoba nawenyene yarashikirije amakenga yiwe ku bimwe bimwe vyo gucukura vyibonekeje mw'ishirwa mu ngiro ry'umugambi, ahamagarira kwongereza gukorera ku mugaragaro hamwe no gukurikirana ikoresheye ry'ubutunzi bwa Reta bwagenewe icyo gikorwa.

Amakuru yatororokanijwe muri aya matohoza ashira ahabona amakenga menshi ajanye no gutunganya amasoko yo gukora hamwe no gutanga intebe .Yerekana ibimenyetso bituma kwiyumvira ko, mu ntara zimwe zimwe ,nka Cibitoke, amasoko akomeye yoba yahawe akagwi gato boba ari ibihanganye..

Mu buraruko bw'igihugu, nko muyahoze ari intara ya Kirundo, amakuru yakwiragiye mu karere avugaga itangwa ry'isoko ryo gukora intebe kw'ishirahamwe ry'umupfasoni w'umushingamateka.

Nimba ayo makuru yemejwe, yotera amakenga kw'iyubahirizwa ry'ingingo yo kungana mu gushikira amasoko ya Reta, no gukinga amatati ashingiye ku nyungu hamwe no gukorera ku mugaragaro. ugufatwa kumwe kubarondera amasoko hamwe no guhiganwa mu kurondera amasoko ya Reta.

Icgeranyo kibona bikomeye ko indongozi zibifitiye ubushobozi zoshira ahabona amakuru ajanye n'intambuko zo gutanga amasoko, ku vyo bafatiye ku mu cagura abakora intebe, ku biciro baha umukozi umwe wese, ndetswe n'ubuhinga bwo gukurikirana ishira mu ngiro ry'amasezerano. Umuco nkuyo wofashije kugabanya amakenga hamwe no gukomeza umwizero w'abanyagihugu mu gutunganya uburyo bugenewe igisata c'indero.

Ku rundi ruhande, abayobozi benshi b'amashure babajije bamenyesheje ko bategetswe kuriha bonyene amahera yo kwunguriza intebe kuva aho zakorewe gushika ku mashure yabo. Ariko,

V. UMWIHWEZO W'UMUGAMBI HAMWE N'ISHIRWA MUNGIRO RYAWO (Ibikurikira urupapuro 21)

kubwo amakuru yatorokanijwe,ayo mahera yoba yaza yaramaze gushirwa mu mahera ajanye n'amasezerano yo gukora intebe no kuzishikana iyo zija.

Nimba iyo ngendo ari iyo ukuri,izotuma haba ukuriha abiri igikorwa kimwe: ubwa mbere harihwe amahera ya Reta mu ntumbero y'amasezerano,hanyuma irya kabiri arihwe n'amashure, ku buryo busanzwe ari buke kenshi buva ku ntereran z'abanyeshure.

Ibintu nkivyo biri muvuyotuma haba uburyo budasiguritse bakoreshejwe ku mashure kandi butandukanye n'ingingo z'intwari nziza,ugukoresha neza uburyo rwa Reta hamwe no gukora ivyo bategerezwa.

Umugambi utegekanya uguteza guha agaciro ibiti vyashaje vy'amakomine mu ntumbero yo guasha mu gukora intebe. Ariko,iyo ngingo ntiraba neza ubusumbasumbane buri hagati y'amakomine. Mu bisanzwe,amakomine yo mu gisagara ca **Bujumbura hamwe n'ayandi makomine arimwo ibiti bike canke atakigira ibiti bikuze ntafise uburyo bumwe bukomoka mu mashamba nk'amakomine yo hagati mu gihugu.** Umuntu yokwibaza ubuhinga vyogufasha bwateguwe kuri iryo yegeranywa.Amakomine adafise ibiti vyo kwicira yoa azoronswa na Reta imfashanyo yo kugura ivyo bita? Bibuze,yoshobora gute guterera mw'ishirwa mu ngiro ry'umugambi batonye ibindi bikorwa vyashizwe imbere?

Ivyo bihakwa gutuma haba ubusumbasumbane mw'ishirwa mu ngiro ry'umugambi hamwe no gucira mu guha intebe amashure ari mu makomine atagira ibiti. Gutyo,bisabwako Reta imenyesha neza ubuho bwo gufasha hamwe no kwongereza amahera agenewe yo gushira mu ngiro ataguhangama uyo mugambi ku butaka bwose bw'igihugu.

Hafashwe kimwe kimwe,ikimwe muri ivyo bintu ntivyerekana ivyagirijwe vy'ibiturire. Mugabo,ivyo bintu vyegeranywe bishya ahabona ibimenyetso vy'ugutabaza bisaba ugukurikirana kw'igenga kandi kwimbitse ku ntambwe zose.Ugushira ahabona amasezerano.ibifatirwako mu gutanga amasoko,amahera yakoreshejwe,abaronse amasoko hamwe n'ivyegeranyo vy'ivyakozwe vyofasha gukuraho amakenga hamwe no kwongereza umwizero mu banyagihugu mu gutunganya ubutunzi bw'igihugu.



VI. UGUHERAHEZA

Uguteza imbere uburyo abana bakurikiranamwo ivyigwa ni umugambi ukomeye mw'iterambere mu Burundi. Kwemerera umunyeshure umwe wese ibikikuje ishure bibereye,bujanye n'urugero rw'abayicarako si itegeko mu vyigwa gusa,ariko kandi aha-nini biraba Reta hamwe n'abafasha mu gisata c'indero.

Umugambi w'igihugu wo gukora n'intebe werekana akigoro ka poritike ko gutorera inyishu ivyankenerwa nyavyo vyakoze ku mashure menshi ya Reta,haraciye imyaka myinshi. Ukwegeranya uburyo bukenewe bwinshi vyerekana ukwitanga mu ntumbero yo kunagura akanovera mu nyigisho hamwe no kurwanya ingendo y' «abana baticaye neza ».

Naho buri uko,umwihwezo wakoze n'umuhari Iteka na King Umurundi werekanako umugambi nk'uyu ntushimwa gusa kubera ibitigiri vy'intebe zakozwe canke amahera yakoreshejwe. Biranava kandi no ku kanovera k'integuro,ukwubahiriza amategeko y'ubuhinga,ugukorera ku mugaragaro mu gutunganya ubutunzi bwa Reta,ukunganya amahirwe mu gugabagana ibikoresho,ubushobozi bw'abarondera akazi hamwe n'ubushobozi bw'inzego bwo kumenya no gusigura umusaruro wabonetse.

Icegeranyo gishira ahabona ingorane nyinshi zitegerezwa gukurikiranira hagufi,nko gukenera gukomeza ugukorera ku mugaragaro iintambuko,kwongereza gushira ahabona uko ubutunzi bw'igihugu bukoreshwa, kwemera gucagura gushingiye ku bushobozi vy'abakozi,gukurikiza amategeko y'ubuhinga bwo gukora intebe hamwe no gushiraho uburyo bubereye bwo gukurirana hamwe no kurimbura. Ubusumbasumbane bwibonekeje mu biciro vyo gukora no kwunguruza izo ntebe,ndetse n'intebe zigenda zibura mu gukwiragiza intebe mu mashure,vyerekana akamaro ko kugira ubuhinga bwo gukurikirana,guhinyuza hamwe no gushira ahabona ibiharuro bituma haba ukwizera ikoresha ry'ubutunzi bwa Reta.

Iki cegeranyo,ntikigamije haba gushira ahabona akamaro k'ako kigoro ko kurwego rw'igihugu,haba no kwagiriza abant canke inzego.Kizana intererano zigenga kandi zubatswe zigenewe guteza imbere intwari ishingiyeye ku ngingo zo gukorera ku mugaragaro,ibitegerezwa gukorwa,ugushira hamwe hamwe hamwe n'intererano z'abanyagihugu. Muri iyo ntumbero, ivyihwejwe bifise intumbero yo gukomeza ihangiro ry'umugambi ku banyeshure hamwe no mu kibano.

Umuhari uharanira agateka ka zina muntu mu Burundi "Iteka" na King Umurundi Freedom e bafata ko ako kigoro gatanga uburyo bw'umwe bwo kwerekana ko ubufasha bwa Reta bushobora gutwarwakubwo amategeko akomeye amenyerewe peut être conduit se y'intwari zibereye. Ugushira ahabona ku mwanya ku mwanya amakuru ajanye n'ubufasha,amasoko,amasoko ibiciro hamwe n'ivyakozwe hamwe no kuvyavuye mu mugambi vyokwongerje icizere mu banyagihugu,inzego zijejwe igenzura hamwe n'abafasha mu buhinga no mu buryo.

Ubwa nyuma,ayo mashirahamwe abiri,asubira kwemeza ko amahera yose y'Uburundi ashirwa mu gisata c'indero ategerezwa kuzana amahera y'inyongera agenewe abana. Intebesi igikoresho gisanze kw'ishure: yerekana igikoresho gikomeye mu nyigisho, ikimenyetso c'agateka hamwe no kuziganiriza kazoza k'igihugu.Kwemera ko iyo mitahe yotegurwa,igakorwa kandi igakurikiranwa neza bigira ikintu nyamukuru gikenewe mu



VII. UGUSOZERA(Ibikurikira urupapuro 23)

kwubaka igisata c'indero kikaba ic'akanovera, ataguhengama kandi bigahera.

Gukomeza intwaroo ibereye mu gisata c'indero ntivyategerezwa kubonwa nk' itegeko, ariko nk'akaryo ko gukomeza umwizero hagati y'inzego za Reta, abanyagihugu hamwe n'abafasha mu vy'iterambere. Ni kuri iyo ngingo ko abanyamitahe boterera ku mugaragaro ugushira mu ngiro uburenganzira ku ndero y'akanovera ku bana bose b' Uburundi.

